

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN


#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung “pelaksanaan” panalungtikan nepi ka patalékan-patalékan anu aya bisa dijawab.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca buku ragam basa, (2) observasi, (3) ngabagikeun angkét, (4) translitkeun data, (5) nganalisis, (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan 3.1

#### Desain Panalungtikan



### 3.2 Wangenan Operasional

Wangenan oprasional téh dimaksudkeun pikeun ngajelaskeun hal-hal penting anu mangrupa kecap poko dina ieu judul. Patali jeung éta hal, istilah husus nu sacara oprasional dina ieu panalungtikan ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Ragam basa nya éta rinéka atawa variasi basa nurutkeun nu maké jeung cara makéna (Kamus Istilah Elmuning Basa, 2005: 122). Ragam basa anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta variasi basa nu digunakeun pikeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung disawang tina jihat tatakrama basa, interférénsi, alih kode, jeung campur kode.
- 2) Ragam basa Sunda anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta variasi basa Sunda nu digunakeun panganteur pangajaran di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung disawang tina jihat tatakrama basa, interférénsi, alih kode, jeung campur kode.
- 3) Interférénsi, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta robahna sistem basa Sunda patali jeung ayana pangaruh unsur-unsur basa séjén anu dilakukeun ku panyatur bilingual.
- 4) Alih kode, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta bagantina unsur basa anu digunakeun.
- 5) Campur kode, anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta digunakeunana paling saeutik hiji klausa tina basa séjén dina hiji omongan.

Sakumaha harti di luhur, nu dimaksud “Ragam Basa Sunda Panganteur Pangajaran di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung” téh hiji panalungtikan ka guru jeung murid kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung ngeunaan gambaran ragam basa anu muncul dina basa panganteur salila lumangsungna prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku cara observasi kana prosés diajar ngajar murid di kelas handap (I,II,III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung kalayan ngagunakeun alat rékaman nya éta kaméra digital. Rékaman dilakukeun kalayan eusina saluyu jeung dua kali jam pelajaran. Maksud tina ngagunakeun alat rékaman ieu nya éta pikeun ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Salian ti ngagunakeun alat rékaman, digunakeun ogé catetan pikeun nyatet hal-hal anu dianggap perlu.

Pikeun ngagampangkeun nganalisis ragam basa anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Soréang Bandung digunakeun kartu data saperti ieu di handap.

(Prosés Diajar Ngajar) Guru

Data : saha anu tiasa nyerat kecap Cikadu?

Gejala Ragam Basa : ragam basa lemes

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun ragam basa lemes bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah RBLe}}{\text{Jumlah Kecap}} \times 100$$

Keterangan :

% = Perséntase

RBLe = Jumlah murid anu ngagunakeun ragam basa lemes

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun ragam basa loma bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah RBLo}}{\text{Jumlah Kecap}} \times 100$$

Keterangan :

% = Perséntase

RBLo = Jumlah murid anu ngagunakeun ragam basa loma

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun ragam basa kasar bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah RBK}}{\text{Jumlah Kecap}} \times 100$$

Keterangan :

% = Perséntase

RBK = Jumlah murid anu ngagunakeun ragam basa kasar

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun interférénsi bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FI}}{\text{Jumlah Kalimah}} \times 100$$

Keterangan :

% = Perséntase

FI = Jumlah gejala interférénsi

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun alih kode bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FA}}{\text{Jumlah Kalimah}} \times 100$$

Keterangan :

% = Perséntase

FA = Jumlah gejala alih kode

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina frekuensi guru jeung murid anu ngagunakeun campur kode bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FC}}{\text{Jumlah Kalimah}} \times 100$$

Keterangan :

% = Persentase

FC = Jumlah gejala campur kode

### 3.4 Sumber Data

Anu dijadikeun sumber data panalungtikan nya éta makéna basa Sunda salaku basa panganteur dina proses diajar ngajar di kelas handap (I, II, III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung. Datana mangrupa hasil rékaman tina prosés diajar ngajar murid di kelas handap (I,II,III) SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung nu ditranslitkeun kana wangun tulisan jeung tina hasil angkét tuluy dianalisis.

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kayaning ieu di handap.

#### 1) Observasi

Panalungtik ngagunakeun téhnik partisipan, nya éta téhnik nu dilaksanakeun ku cara milu ancrub atawa sacara langsung ka lapangan pikeun nangtukeun tempat jeung ningali situasi lingkungan sarta populasi nu bakal ditalungtik.

Salian éta, panalungtik ogé kalibet sacara langsung ningali kumaha ragam basa nu digunakeun ku guru jeung murid di kelas handap dimana ngalakukeun sajumlah komunikasi dina proses diajar ngajar.

#### 2) Téhnik sadap rékam jeung catet

Sabada nangtukeun jeung mikawanoh sumber panalungtikan, léngkah satuluyna nya éta nyatet jeung ngarékam paguneman antara sumber panalungtikan nya éta antara guru jeung siswa dina proses diajar ngajar. Téhnik nyatet ogé dilakukeun pikeun ngantisipasi data ujaran/tingkah laku sampel (guru jeung siswa).

3) Téhnik Quisionér (angkét)

Sabada ngarékam jeung nyatet hal-hal nu dianggap penting pikeun ngumpulkeun data, panalungtik milih téhnik quisionér (angkét) nu dianggap leuwih pas pikeun ngumpulkeun data ti sumber data di lapangan. Angkét nu digunakeun panalungtik saperti dikaca salajengna.

4) Analisis data

Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan.

### 3.6 Téhnik Ngolah Data

Ari léngkah-léngkahna kayaning ieu di handap.

- 1) Nganalisis data ragam basa Sunda panganteur pangajaran di SD Negeri Padasuka II Désa Sukamulya Kac. Kutawaringin Kab. Bandung dumasar kana (1) tatakrama basa, (2) interférénsi, (2) alih kode, (3) jeung campur kode.
- 2) Ngadéskripsikeun data.
- 3) Konsultasi jeung dosén pembimbing.
- 4) Nyusun laporan anu disusun dina wangun skripsi.